


# EPIZÒD: DLO

## MO JODI A: EVAPORASYON

### REZIME EPIZÒD LA



Lili ak Tilou vin jwenn yon ti kouran dlo evapore.



Evlin al naje nan lanmè.



Yon ti gout dlo al fè yon bél vwayaj


### POZE ELÈV OU KESYON

1. Ki sa nou wè ki te pase nan Lakou Kajou jodi a ?
2. Ki sa nou te pi renmen ? Pou ki sa ?
3. Èske Lili ak Tilou te aprann yon bagay jodi a ?

# FÈ AKTIVITE AK ELÈV OU YO

## 1. SIK DLO :

Mande timoun yo desinen wonn dlo a; yo ka trase l atè a ak yon moso bwa; yo ka trase li sou yon gran fèy papye ak lakrè : evaporasyon, kondansasyon, presipitasyon, enfiltrasyon.



## 2. MEZIRE LAPLI :

Fabrike yon PLIVYOMÈT. Se yon aparèy ki mezire kantite lapli ki tonbe. Ak yon bokal vid kopye mezi an santimèt ak milimèt ki sou yon règ. Mare bokal la sou yon pikèt bwa anviwon 1 mèt wotè. Pike li nan tè sou lakou a nan yon kote l ap jwenn lapli. Mezire wotè dlo ki tonbe a aprè chak lapli. Make rezulta a nan yon kaye espesyal pou nou mezire PLIVYOZITE zòn nan.

## 3. WÈ EVAPORASYON :

Fè timoun yo pran 2 kèps ak yon moso plastik. Mete menm valè dlo nan 2 kèps yo. Fè timoun yo trase yon liy ak kreyon ki montre nivo dlo a. Kouvri youn nan kèps dlo yo ak yon moso plastik. Mete tou de kèps yo nan solèy. Apre yon jounen retounen gade kèps yo epi mande timoun yo sa yo remake. (Fò dlo nan kèps ki pa kouvri a ta vin pi ba liy nan. Fò yo ta jwenn dlo ki kondanse sou plastik la, epi kèps kouvri a ta rete menm jan.)